

**IJAMBO RISHIKIRIJWE NA NYENE UBWERANDA PAPA
FRANSISKO KU MUSI MPUZAMAKUNGU UGIRA UWA 55
WAHARIWE AMAHORO**

Ku wa mbere Nzero 2022

*Ukuganira hagati y'abakuze n'abato, indero n'akazi :
ni ibikoresho vyo kwubaka amahoro arama*

1. « Ese ukuntu ari akaroruhore ku misozi, ibirenge vy'uwuzanye Inkuru imenyesha amahoro » (Izaya 52, 7)

Ayo majambo y'umuhanuzi Izaya aserura uruhoza, ukwiruhutsa kw'igihugu c'abantu bangarijwe mu mahanga, baruhijwe n'ukugirirwa nabi n'uguhohoterwa, bageramiwe mu gateka, bakaba bananzwe n'urupfu. Umuhanuzi Baruki ni we yibaza ati : « Ni kuki ga Israyeli ? Ni kuki uri mu gihugu c'abansi, wasaziye mu gihugu c'abanyamahanga ? Warahumanijwe n'abapfuye uharurwa mu bari i kuzimu » ? (3,10-11). Kuri abo bantu rero, amaza y'intumwa y'amahoro yamenyesha umwizero w'ukunaguka uva mu musaka w'ibihe uko bikurikirana, yari intango ya kazoza k'umwakaka.

No muri ino misi nyene, « inzira y'amahoro », umweranda Papa Paulo wa gatandatu asanzwe yataziriye gushasha « iterambere ryuzuye », iguma iri kure y'ivyo abantu benshi babayemwo ku buryo buteye agahinda, ni ukuvuga kure y'umuryango w'abana b'abantu uba utakigira ikiwubumba. Naho hari utwigoro tutari duke two gufasha ibihugu ngo vyubakire hamwe mu kuja inama n'ingingo, urwamo n'induru vy'ingwano n'ayandi matati biguma vyiyongera, mu gihe indwara z'ivyaduka zikwirakwira n'ingoga ; ingaruka z'ihindagurika ry'ibihe n'iyononekara ry'ibidukikije bibandanya vyunyuka, inzara n'inyota bikongerekana rwose. Indinganizo y'ivy'ubutunzi bw'ibihugu ishingiyeye ku nyungu ya muntu ku gatwe kiwe ibandanya kwiganza aho guteza imbere umutima wo gusabikanya. Muri ino misi, co kimwe no mu bihe vy'abahanuzi ba kera, amaborogo y'aboro n'ay'isi ntasiba kuja hejuru ataka ubutungane n'amahoro.

Mu bihe ivyari vyo vyose, amahoro yama ari ingabirano iva mw'ijuru hamwe n'icamwa c'ukwitangira hamwe kw'abantu. Kukaba nkako, hariho iyubakwa ry'amahoro rihuza ibikorwa vy'inzeho zitandukanye z'ibihugu, hakaba n'uguhinyanyura ibijanye n'amahoro kwega umwe umwe wese muri twebwe. Umwe wese arashobora guterera mw'itunganywa ry'isi ifise amahoro, ivyo akabihera mu mutima wiwe, mu migenderanire iremeshwa mu muryango wiwe, mu kibano, mw'ibungabungwa ry'ibidukikije, gushika aho dutandukira imigenderanire hagati y'amoko n'ibihugu.

Ubu nagomba nshikirize inzira zitatu twocamwo mu kwubaka amahoro arama. Ubwa mbere, hari ibiganiro bihuza abakuze n'abato biba ishingiro ry'itunganywa ry'imigambi rusangi. Ubwa kabiri, ni indero yubaka umwidegemvyo, igakomeza umutima w'ibanga, ikerekeza kw'iterambere. Ubwa nyuma ni akazi kuko ibikorwa ari vyo bituma umuntu aremesha agateka kiwe ka muntu. Ivyo bintu bitatu ni ntabanduka mw'itunganywa ry'amasezerano yo kuremesha umubano w'abantu, atabonetse amahoro atoshobora kurama.

2. KUGANIRA KW'ABAKUZE N'ABATO NGO BUBAKE AMAHORO

Muri ino si yama ihanzwe n'ibiza vyakweze amabi atari make, « abantu bamwe baragerageza kudahangara ibintu uko bimeze mu guhungira mu twabo badendekeranije, abandi na bo bakagomba kuremesha intambara bishimikije igikenye gisambura. Ariko rero, hagati y'ukwibabara wenyene utitaho ibiriko biraba no kuremesha imyiyerekano ishingiyeye ku nguvu, hama hariho iyindi nzira ishoboka ari yo y'ukuganira, kuremesha ikiganiro gihuza bese, abakuze n'abato ».

Ikiganiro c'ukuri cose, naho cama gishingiyeye ku guharira neza ibijanye n'ingingo n'inyishu birama, cama gisaba ko abaganira bagiriranira umwizero ukwiye. Dutegerezwa rero gusubira kwubaka uwo mwizero uhuza abantu! Iki kiza cahungabanije amagara y'abantu carongerereje abantu bese ukwumva ubunyakamwe hamwe n'agatima ko kwibako. Ubunyakamwe bw'abatama n'abatamakazi buherekezwa mu rwaruka n'ugucika inkokora umuntu akumva ataco ashoboye, maze ntihaboneke icyumviro rusangi coshingirwako mu kwubaka kazoza. Ni ibigaragara! Iki kiza caratubabaje rwose. Ariko kandi ni ikiza coshobora kudutuma twivyukiranya mu guserura ivyiza biri mu bantu. Kukaba nkako, muri iki kiza, twarahaboneye intahe ishingwa n'abantu b'impuhwe n'ikigongwe, basangira utwo bafise kandi bagafashanya kw'isi yose.

Mu bisanzwe, ikiganiro cama gishingiyeye ku kwumvirizanya, ku kugira ivyo mwumvikanyeko n'ugusangira urugendo. Guteza imbere bene ico kiganiro hagati y'abakuze n'abato biba ari ukurima isi yateteye kandi ataco yama, y'ingwano n'ugukumirana, kugira ngo abantu batere imbuto z'amahoro arama kandi ya bese.

Mu gihe imigambi y'iterambere mu vy'ubuhinga no mu vy'ubutunzi yatumye kenshi abakuze n'abato bacanamwo, ibiza vyo muri ino myaka bitwereka ahubwo ko bikenewe ko bagira urunani. Ku ruhande rumwe, urwaruka rurakeneye ubumenyi abakuze bigishijwe n'ubuzima, ubwitonzi bakuyemwo hamwe n'agatima kaberekeza ku Mana baharonkeye; ku rundi ruhande, abakuze barakeneye gushigikirwa, gukundwa, hamwe n'ugufashwa n'ubukerebutsi buvyara ibishasha hamwe n'ubwira buranga abakiri bato.

Ibibazo bikuru bikuru bihanze abantu hamwe n'indinganizo zo kuremesha amahoro ntabishobora kuranguka vyirengagije ikiganiro hagatiy'ababitse ubwenge bwa kahise

(aribo bantu bakuze), hamwe n'ubw'abagishobora guteza imbere ivy'isi (aribo rwaruka); ntibishobora kandi kwirengagiza ugushaka kw'umwe umwe mu guha ikibanza abandi, maze ngo umuntu ahawe yibaza ko ashobora gukwira hose ariko arironderera inyungu ziwe za hafi nk'uko umengo nta kahise kariho hamwe na kazoza. Ibibazo bikomeye turimwo muri ino myaka biratwerekana neza ko uguhura be n'ukuganira hagati y'abakuze n'abato, ari wo mwambiro wa politike nziza itishinga gusa kuraba n'ugutunganya ivy'ubu « yifashisha guhomahoma n'ugutora inyishu zihuta », ahubwo ishingiyeye ku karangamutima gakomeye k'ugukunda abandi, mu ndinganizo yo gutunganya imigambi rusangi kandi irama.

Mu gihe duhanzwe n'ibitugoye, hamwe twomenyera gutunganya ico kiganiro gihuza abakuze n'abato, « tuzoshobora kwumva ko dushinze imizi muri k'ubu, maze tugarure akenge kuri kahise dutereze amaso no kuri kazoza. Turaba kahise kugirango dukure inyigisho ku vyabaye, maze tunakire n'ibikomere vyadushikiye, ugasanga ni vyo bitugenza. Twerekeza amaso kuri kazoza kugirango dukomeze ishaka, tuyare indoto z'ukwubaka bishasha, tubonere kure ibizoshika, turemeshe umwizero mu mice yose. Gurtyo tuzoshobora kwiga n'ukwigishanya turi kumwe ». Mbega, ata mizi, ibiti vyoshobora gute kumera n'ukwama ?

Umuntu yofatira vyonyene ku mwitwarariko wo kubungabunga inzu rusangi ya twese vyoba bimaze. Kukaba nkako, ibidukikije ni « ingurane urunganwe rw'abantu ruhabwa, maze rugategerezwa kuyihereza urunganwe rukurikira ». Dutegerezwa rero gushimira n'ukuremesha urwaruka rutari ruke rwitanga ngo isi iteze imbere ubutungane, maze rukanyitwararika kubungabunga ivyaremwe vyose Imana yaturagije. Ivyo rubigirana ubwira n'akanyamuneza, na cane cane umutima w'ibanga muri iki gihe bikenewe rwose ko duhindura ingendo kubera inzitane z'ibibazo vy'ubu bijanye n'inyifato runtu, imibano n'ibungabunga ry'ibidukikije.

Bitayeko, ubushobozi bwo gucira hamwe inzira y'amahoro ntibushobora gutandukana n'indero hamwe n'akazi, kuko ari ho hantu hakuru habera ikiganiro hagati y'abakuze n'abakiri bato. Indero ni yo itunganya indongoramvugo ikoresheya mu biganiro vy'abakuze n'urwaruka. Mu kuremesha ivy'akazi naho, abagabo n'abagore b'imyaka itandukanye basanga bariko barangurira ibikorwa hamwe, bagahanahana ubwenge, ubumenyi n'ubuhinga ngo bagwize itunga rusangi.

3. INYIGISHO N'INDERO NI VYO MWAMBIRO W'AMAHORO

Muri ino myaka, indinganizo y'amafaranga ateganyirizwa indero n'inyigisho, abantu bafata nk'ikiguzi aho kuyafata nk'umutahe, yaragabanutse rwose kw'isi yose. Ariko, mu vy'ukuri, inyigisho n'indero ni vyo mushinge wa mbere iterambere runtu ryuzuye ryubakirako. Ni vyo bifasha umuntu kuba uwidagemeje kandi w'ibanga, vyongeye, ni ntabanduka mu gukingira n'ukuremesha amahoro. Ni ukuvuga rero ko inyigisho n'indero ari wo mushinge w'umubano w'abantu bunze ubumwe, wiyubatswe runtu, ushobora kuvyara umwizero, itunga n'iterambere.

Aho ibintu vyotunganijwe gurtyo, ubu dusanga uburyo bugenerwa ivya gisirikare bwarongerekanye, bukanasumba kure n'iyubwategekanywa mu myaka yahera igihe ibihugu biri kumwe na Leta Zunze Ubumwe za Amerika hamwe n'ivyari kumwe n'urunani rurongowe n'Uburusiya vyari bihanganye ; kandi, umengo ibintu bisa n'uko ubwo buryo bwagisirikare buzogenda bwongerekana.

Birakenewe rero, kandi birihutirwa, ko abafise ububasha bose mu ma Leta y'ibihugu batunganya indinganizo za politike z'ubutunzi ku buryo hategekanywa ihinduka ry'urugero imitahe rusangi ishirwa mu vy'indero n'uburyo butegekanirizwa gukora n'ukurwiza ibirwanisho bihinduka. Kandi noneho kuremesha ingendo rusangi y'isi yo kugabanya ibirwanisho, ni vyo bivuyira inyungu nini yerekeza kw'iterambere ry'abantu n'ibihugu mu kugwiza uburyo bw'amafaranga yokoreshwa mu buryo bubereye mu vyerekeye amagara y'abantu, amashure, amabarabara n'inyubakwa rusangi, ukubungabunga isi n'ibidukikije, hamwe n'ibindi vyankenerwa.

Ndafise umwizero ko gushira umutahe mu gisata c'indero bijana n'ukwiyemeza guteza imbere umutima wo kubungabunga vyose. Uwo mwitwarariko, uwerekeje ku mvune ziranga imibano n'ugukirimbira ha handi kw'inzezo, ushobora kuvyara imvugo imwe yofasha guseniyura imbibe, mbere ukubaka ibiraro bihuza abantu. « Igihugu gitera imbere mu gihe hakomejwe ibiganiro vyubaka, bishingiye mu matungo atandukanye y'abantu nk'imico y'abanyagihugu, ingendo y'abanonosora ivy'amashure ya kaminuza, intumbero y'urwaruka, ububangutsi bw'abanyamyuga n'abanyabuhinga, ubwenge bw'abagwizatunga, imico y'imiryango hamwe n'itunga ry'abamenyeshamakuru ». Ni nkenerwa rero ko hatunganywa intumbero nshasha y'indinganizo y'imico mu gutegura amasezerano rusangi mashasha y'indero y'urwaruka, kandi urwo rwaruka rukaba rwayagizemwo uruhara, maze imiryango, imibano, amashure mato, ayisumbuye na kaminuza, inzezo z'igihugu, amadini n'amashengero, abarongozi bose n'abantu bose bakumva ko ari ibanga ryega bose ngo abarerwa babe abantu bakuze b'igihagararo ». Ayo masezerano yoteza imbere ukwitaho ibidukikije vyose mu buryo bubereye umuntu, hagashirwa imbere imico ivyara amahoro, iterambere rirama rishingiye ku muvukano, hamwe n'ubucuti buhuza umuntu n'ibidukikije.

Gushira umutahe mu nyigisho n'indero y'urwaruka, mu gihe bitunganijwe mu buryo bubereye, ni yo nzira nkuru izoshikana urwo rwaruka ku rugero ruvyara inyungu mu gushirwa mu bibanza bibereye mw'iringanizwa ry'akazi.

4. GUTEZA IMBERE N'UGUTEGEKANYA AKAZI BIRUBAKA AMAHORO

Akazi ni ikintu cankenerwa mu bijanye n'ukwubaka hamwe n'ukuremesha amahoro. Mu kazi ni ho umuntu yerekanira icyo ari n'ingabirano afise, akongera akahungukira kumenya kwinanata, kwakira umuruho, gufashanya n'abandi kuko umuntu yama akorana n'abandi canke agakorera uwundi muntu. Muri icyo ntumbero itwerekeza ku

mubano w'abantu, mu kazi ni ho twigira gutanga intererano yacu mw'itunganywa ry'isi nziza kandi ibereye ubuzima bw'umuntu.

Iki kiza ca Covid-19 carunyuye itituka ry'ibijanye n'indinganizo y'akazi, kandi hari hasanzwe n'ibindi bibazo bitari bike. Ibikorwa vyinshi cane bijanye n'ivy'ubutunzi vyarahombye ; abakozi bari mu buzi budashemeye, ubuzima bwabo bwarunyutse ; abatari bake bari mu bikorwa nkenerwa rwose mu buzima bwa misi yose baribagiwe n'abashinzwe indinganizo ya politike y'ibihugu ; kwigishiriza ku vyuma mu buhinga bwa none, vyatumye haba, ahataro hake, isubira inyuma ry'umutima w'ukwiga n'itituka ry'urukurikirane rw'urutonde rw'inyigisho. Urwaruka hari hageze ko ruja mu kazi co kimwe n'abandi bantu bakuze, usanga ubu ruhanzwe n'ubushomeri rukazazanirwa na kazoza.

Ku buryo budasanzwe, ingaruka ry'izo ngorane ku bantu babayabaye bikorera utwabo, usanga kenshi zega abimukira, zarabiciye biracika. Benshi muri bo usanga badakingiwe n'amategeko y'ibihugu nk'uko umengo ntibabaho. Ugasanga kandi babayeho mu kajembegete, bo n'imiryango yabo, bakagwa mu buja butandukanye ata ndinganizo n'imwe yo kubakingira. Ivyo vyose vyunyurwa kandi n'uko ica gatatu c'abantu baba kw'isi baribageze mu myaka yo gukora akazi, usanga ata ndinganizo y'amategeko n'inzego zibakingira, canke naho utwo baronse ugasanga ari inticantikize. Mu bihugu vyinshi, ubwicanyi n'ubundi bukozi bw'ikibi bwariraye, bukaguma bwongerekana, bukanyikiza umwidegemvyo n'agateka k'abantu, bugacuvya ubutunzi, maze itunga rusangi ntirishobore gutera imbere. Inyishu y'ayo marushwa nta handi yova, atari mu guteza imbere itunganywa ry'uburyo bw'ukuronka akazi kabereye iteka ry'umuntu.

Kukaba nkako, mu mubano uwariwo wose w'abantu, akazi ni wo mushinge ubutungane n'ugufatana mu nda vyubakirako. Ni na co gituma « dutegerezwa kutarondera ko iterambere mu vy'ubuhinga risubirira akazi k'abantu kuko ubuntu bwohera aho butituka. Akazi ni nkenerwa, kajanye n'iteka ry'ubuzima bwo ng'aha kw'isi. Ni yo nzira idukuza mw'iterambere runtu, maze umuntu akiyumvamwo agateka ». Dutegerezwa gutererana ivyiyumviro tugashira hamwe inguvu ngo turondere indinganizo n'inyishu zibereye kugirango umuntu wese afise imyaka yo gukora akazi aronke akazi kamuha uburyo bwo guterera umuryango n'ikibano mu bitunga ubuzima.

Birakenewe rwose kandi birihutirwa, ko hatezwa imbere kw'isi yose indinganizo zibereye z'ibijanye n'akazi koba keza kandi kubahiriza agateka ka zinamuntu, kakerekeza ku gukomeza itunga rusangi, n'ukubungabunga ibiremwa vyose. Dutegerezwa gushigikira umwidegemvyo w'amashirahamwe mu kurondera uburyo bushasha bwo gutunganya ibintu, tukanateza imbere ibanga dufise ryo kwitaho abantu bose mu buryo bushasha kugirango umwina w'inyungu wonyene ntube ari wo utugenza.

Ni muri icyo ntumbero dutegerezwa gukuburira amashirahamwe intererano yayo, tukakira kandi tugashigikira imigambi yigira yo kwubahiriza agateka ka zinamuntu k'abakozi. Dutegerezwa gukuburira inzego z'ibihugu, abaguzi b'ibidandazwa, amashirahamwe adaharanira ivyicarwo vya politike hamwe n'ayandi mashirahamwe yose icyo ntererano. Mugabo, abo bose boshira ku muzirikanyi uruhara rwabo mu kwubaka imibano myiza y'abantu. Iyo mirwi izogenda ihinduka amayogi y'iyubahirizwa ry'agateka ka zinamuntu, maze itange gurtyo intererano mw'iyubakwa ry'amahoro. Ku bijanye n'icyo ngendo, abashinzwe politike bafise uruhara ntangere rwo kugenzura neza ko umwidgegemvyo mu vy'ubutunzi ujana n'ugutunganiriza bese mu mibano y'abantu. Abashinzwe amabanga muri icyo gisata c'akazi, uherye ku bakozzi n'abagwizatunga b'abakatolika, barashobora kuvoma intumbero nziza mu *Nyigisho y'Ekleziya ijanye n'imibano y'abantu*.

Bavukanyi ! Ubu turiko turageragereza hamwe kuva muri iki kiza c'indwara, nagomba nsubire nkengurukire abo bese bitanze hamwe n'ababandanya kwitanga n'umutima mwiza kandi w'ibanga, ngo inyigisho mu mashure zibandanye zitangwa neza, umutekano ureme hamwe n'ikingirwa ry'amateka ya muntu, ukwitaho abarwaye bikomeze, uguhuza imiryango n'abayobabwaye vyitabweho, ukwitaho aboro n'abakene mu vy'ubutunzi bishigikirwe, na cane cane kubavanywe mu kazi. Kandi ndahereje igisabisho canje ndagihereza abahagorewe hamwe n'imiryango yabo.

Ku barongozi n'abo bese bashinzwe amabanga muri politike no mu mibano, ku bungere n'abayobozi b'imiryango y'Ekleziya, hamwe no ku bantu bese b'umutima mwiza, ndabahamagariye urugendo rusangi rwa twese muri za nzira zitatu : ikiganiro gihuza abakuzze n'abato, indero hamwe n'akazi ; urwo rugendo turugirane ubutwari n'umutima wo kwama turiko turarondera ibishasha bibereye. Mu kwicisha bugufi no mu bwira, ata rwamo turinze gushira hejuru, nsaba ko hogenda hagwira abantu bubaka amahoro uko imisi ibisikanya. Umuhezagiro w'Imana y'amahoro n'ubaje imbere wongere ubaherekeze imisi yose.

Iri Jambo ritangiwe i Vaticano, igenekerezo rya 8 Kigarama 2021

Papa Fransisko

N.B. : Iri Jambo rya Papa Fransisko ryahinduwe mu kirundi n'Igisata c'Inama y'Abepiskopi Gatolika b'i Burundi gishinzwe Ubutumwa bw'ugukwiza hose Inkuru Nziza.